



Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON SENKYÈM REJYON TE RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI NAN DAT 15 ME**

***New York Santral rejwenn Rejyon North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a apre dekrè NYS an Poz yo ekspire nan dat 15 me a***

***Enstwiksyon pou biznis sou premye faz nan plan re-ouvèti eta a disponib [isit la](#)***

***Premye tranch ki evalye a 3 milyon dola nan sibvansyon yo disponib pou biznis yo pou fabrike founi ak ekipman medikal pou ijans***

***Anonse ke Prezidan Trump te akselere 3.9 milya dola nan finansman pou MTA a sou demann Gouvènè a***

***Konfime 2,390 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 343,051; gen nouvo ka nan 45 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jodi a, New York Santral satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta lè dekrè NYS an POZ yo ekspire nan dat 15 me a, ap rejwenn Rejyon North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Si tandans lan kontinye, senk rejyon sa yo ka kòmanse ouvri biznis pou premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ramasaj twotwa ak depo ak ramasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Enstwiksyon pou biznis sou premye faz nan plan re-ouvèti eta a disponib [isit la](#). Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" eta a disponib [isit la](#). Tablodbòd siveyans rejyonal eta a disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou yon premye tranch ki evalye a 3 milyon dola nan sibvansyon yo disponib pou biznis yo pou fabrike founi ak ekipman medikal pou ijans. Konpayi yo ki entèrese nan devlope oswa kòmanse yon biznis founiti medikal ta dwe vizite [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Prezidan Trump te akselere 3.9 milya dola nan finansman pou MTA a sou demann Gouvènè a.

"Tout flèch yo pwente nan bon direksyon an e kounye a kesyon an konsantre sou reouvèti a - moun yo dwe retounen nan travay epi eta a bezwen yon ekonomi - men nou dwe asire nou ke nou pa re-ouvri twò bonè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap fè

sa a nan yon fason ki kalibre epi nou ap siveyans done yo, reyalite yo ak paramèt yo chak jou epi sèvi avèk leson ke nou deja aprann nan men lòt moun ki deja andire sa a. Epi kounye a, baze sou kritè nou an, nou gen senk rejyon ki sou pwen pou re-ouvri k'ap kòmanse demen, epi pliske yo kòmanse re-ouvri kèk biznis, nou pral kontinye kontwole nivo aktivite a ak asire ke li pa kreye yon dezyèm vag viris sa a."

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,390 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 343,051 ka konfime nan Eta New York. Nan total 343,051 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1,509	15
Allegany	44	0
Broome	383	1
Cattaraugus	64	3
Cayuga	60	0
Chautauqua	44	1
Chemung	132	0
Chenango	112	0
Clinton	81	3
Columbia	327	9
Cortland	33	2
Delaware	67	1
Dutchess	3,474	45
Erie	4,671	65
Essex	32	0
Franklin	17	0
Fulton	144	4
Genesee	175	1
Greene	207	1
Hamilton	5	0
Herkimer	86	2
Jefferson	69	1
Lewis	12	1
Livingston	106	3
Madison	255	2
Monroe	2,019	60
Montgomery	69	1
Nassau	38,743	156
Niagara	710	20

NYC	188,545	1,295
Oneida	698	12
Onondaga	1,423	28
Ontario	129	20
Orange	9,771	78
Orleans	145	3
Oswego	78	2
Otsego	67	0
Putnam	1,115	7
Rensselaer	423	3
Rockland	12,596	53
Saratoga	415	5
Schenectady	597	10
Schoharie	47	0
Schuyler	8	0
Seneca	49	0
St. Lawrence	192	0
Steuben	230	0
Suffolk	37,544	239
Sullivan	1,168	33
Tioga	108	0
Tompkins	136	0
Ulster	1,495	14
Warren	227	4
Washington	215	1
Wayne	89	5
Westchester	31,792	181
Wyoming	77	0
Yates	22	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)